

4^{YÈM} AMANNMAN AN

KESYON YO POZE SOUVAN

Kisa yo rele 4^{yèm} Amannman an?

Amannman pou Restorasyon Vòt la se te 4^{yèm} Amannman yo te pwopoze nan Konstitisyon an sou bilten vòt Eleksyon Jeneral 2018 la. Amannman sa a te kòmanse kòm yon inisyativ sitwayen. Li te rive sou bilten vòt la gras a rekòlt plis pase 842,000 siyati petisyon. Amannman an te pase avèk 64.55% vòt yo epi kounyeya li pral fè pati Konstitisyon Florid la avèk yon **dat antre an vigè 8 janvye 2019**.

Rezime Bilten Vòt la:

Amannman sa a restore dwa vòt Floridyen yo te kondane pou deli grav lè yo fin pije tout tèm santans yo a, sa gen ladan liberasyon kondisyonèl oswa pwobasyon. Amannman an p ap aplike pou moun yo te kondane poutèt asasina oswa enfraksyon seksyèl, k ap kontinye gen entèdiksyon pèmanan pou yo vote sòf si Gouvènè a ak Kabinè a vote pou restore dwa vòt yo sou yon baz ka pa ka.

K: *Kijan mwen kapab konnen si yo restore dwa vòt mwen yo?*

R: Se responsablite votè a pou li konfime si dwa vòt li restore. Nou ankouraje votè yo pou w sèvi avèk resous sa yo pou konfime ou fin pije santans ou a, epi pa konsekan dwa w yo restore, anvan w ranpli yon fòm enskripsyon votè.

Resous:

Komisyon Florid la sou Egzamen Koupab
(Florida Commission on Offender Review)
<https://www.fcor.state.fl.us/>

Depatman Koreksyon Florid la
(Florida Department of Corrections)
<http://www.dc.state.fl.us/>
Telefòn: 850-488-5021

Biwo Padon Egzekitif
(Office of Executive Clemency)
Adrès postal: 4070 Esplanade Way
Tallahassee, FL 32399-2450
Telefòn: 850-488-2952 oswa 1-800-435-8286
Faks: 850-488-0695
Imèl: clemencyweb@fcor.state.fl.us

Grefye Tribinal Konte Miami-Dade
(Miami-Dade County Clerk of the Courts)
Biwo Tribinal Penal
(Criminal Court Office)
1351 NW 12th Street
Miami, FL 33125
305-275-1155

K: *Kisa sa vle di pou kriminèl kondane yo te jije anvan sa kòm kwa yo pa t kalifye pou enskri pou vote?*

R: Apati 8 janvye 2019, dwa vòt yo ap otomatikman restore pou kriminèl kondane ki fin pije santans yo jan tribinal la te òdone li. Sa ap fè yo vin kalifye pou enskri pou vote depi yo respekte tout kalifikasyon yo pou vin yon votè enskri. Ou gen dwa sèvi avèk [Fòm Enskripsyon Votè Anliy](#) nan pou soumèt yon demann enskripsyon pou vote. Espas 2 a nan Demann Enskripsyon Votè nan Florid la di: **“Mwen afime mwen pa yon kriminèl kondane, oswa, si mwen se youn, yo te restore dwa mwen yo nan sa ki gen pou wè avèk vote.”** Lè w make espas sa a, w ateste yo restore dwa w pou vote.

Eksepsyon: Kriminèl yo te kondane pou asasina oswa enfraksyon seksyèl yo pa kalifye pou enskri epi vote sòf si Komite Egzamen pou Padon an vote pou restore dwa vòt yo.

K: *Kijan Sipèvizè Eleksyon an pral okipe demann enskripsyon votè a kounyeya avèk 4^{yèm} Amannman an?*

R: Depatman Eleksyon Miami-Dade la fyè sèvi votè potansyèl yo nan zafè enskripsyon votè a. Selon nouvo lwa sa a (4^{yèm} Amannman an), wòl Sipèvizè Eleksyon an pa chanje. Nou konte sou votè a pou li endike sou demann enskripsyon votè a li kalifye pou vote. Si votè a afime li respekte tout kalifikasyon yo, n ap enskri li. Apre sa n ap voye enfòmasyon votè a bay Divizyon Eleksyon Florid la, ki pral fè rechèch epi verifye idantite ak kalifikasyon votè a selon nouvo lwa a.